

ФУДРАКÆНÆГÆН ÆХЕБÆЛ УСТУРДÆР ФУДТÆ ÆРЦÆУЙ!..

*Гитлермæ фагæ зунд ку адтайдæ, уæд æ фидтæлти фæдзæхститæмæ æригъустайдæ æма Дуккаг дуйнеуон тугъд нæ ракъахтайдæ. Германий раздæри канцлер Бисмарк загъта: Уæрæсей хæццæ макæд тохетæ. Инæлæрттæ Пауль фон Гинденбург æма Эрих Людендорф бæргæ архайдтонцæ Гитлерæн æ хеваст фæндити æдулидзийнадæ балæдæрун кæнунбæл... Фал истори адæмтæн, фиццагидæр ба сæ хенвæрсон фæтæгтæн зундзонæн некæд адтæй, æма бабæй сæбæл нæуæг бæлах æрцæуй...*

ПОБЕДА!
1945–2020


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№31 (770) 2020 анзи 13 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман




# СÆЙРАГДÆР – КЪОСТАЙÆН АККАГ ФÆДОН УН!..

Иннæбон, 15 октябри бæрæг кæндзинан Хетæгкати Къостай райгурди бон (1859-1906). Арæзт бабæй, æвæдзи, æрцæудзæнæй аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ. Уой туххæй неке неци зæгъуй. Фал сæйрагдæр ба æндæр гъуддаг æй. Уой фæдбæл дæнцæнæн æрхæсдзинан нæ номдзуд поэт Хъодзати Æхсари гъуди: Æнаййев миуæ æй Къостайæй культ аразун (еци 'гъдау дæр раздæри системæй байзадæй). Мæнгæхуцæуттæ, лæгдзиуæрттæ, кумир-гумиртæ æма æндæртæ æ цæстисиндзæ адтæнцæ, æхемæ сæ æмгæрон нæ уагъта: «Ее любовь, как ненависть, безумна, и бог ее не бог, а только лишь кумир», - уотæ зæгъуй æнæфæууид сау адæмæй. Зундгонд æнцæ æ иннæ рæнгъитæ дæр: «Служите слепому кумиру, а мне не мешайте служить всеобщему братству и миру...» Цийфæнди устур лæгæн дæр ковун нæ гъæуй. Уой бæсти ин æ амундтитæ æнхæст кæнæ, е 'гъдау, æ миутæ ин фæнзæ дæ аллибони царди, æма ин уæд бæздзæнæ фæдонæн. Зæрдæй нæ, фал æй дæхе равдесуни туххæй, дæхе гули буни арт æндзаруни туххæй уæларвмæ ку есай, уæд е æнæуагæ миуæ 'й...»

Аци лæдæрддæрæй лæдæрддæр бæлвурддзийнадæ кæмæ нæ гъаруй, етæ ба абони сæ бицъинæг æскъунунцæ, мадта ма Къостай сæрбæл дзоруни рæуонæй ма ци хузи райгъуса сæ кой, уой фæдбæл... Сæ фуддзæсгондзийнадæ ба цæмæй нæ разиннуй! Уæхæн «сæрбæлдзоргутæй» кадæртæ ба, Дзæуæгигъæуи Сабурдзийнади проспектбæл Къостайæн ци циртдзæвæн (искодта æй номдзуд скульптор Соскъити Владимир) æвæрд æрцудæй, сауæнгæ уой нихмæ дæр сæ илгъаг дзæнгæдатæй дорадзагъд исаразтонцæ... Къоста сæмæ ку райгас уидæ, уæд син бæргæ зæгъидæ, ци зæгъгæ син æй, уой...

## НÆ ФИДИБÆСТИ КАДÆ ТАБУ КÆНУНÆЙ НÆ ЕУГУРДÆР ИХÆСГИН АН!..



### КАВКАЗБÆЛ НАМУСГИН ТОХИ КАДÆН

Устур Фидибæстон тугъди анзфинсти зингæдæр бунат ци цаутæ ахæссунцæ, уони 'хсæн æнцæ Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тугъдтитæ – куд агъазиаудæр тугъдон операцитæй еу. Советон æфсæдтæ карз нихкъуæрд лæвардтонцæ знаги æрдонгтæн æма ин равгæ нæ рæвардта, цæмæй исæнхæст адтайдæ æ фудвæндæ – Фæскавказмæ байервæзун. Ардигæй, Кавказæй, гермайнаг фашистон æрдонгти сорун байдæдтонцæ, нæ Райгурæн бæсти зæнхæ си уæгъдæ кæнгæй.

Кавказ знагæй æнæгъæнæйдæр уæгъдæгонд æрцудæй 1943 анзи 9 октябри. Æма еци цауи агъазиаудзийнадæ нимайгæй, Уæрæсей Президент Владимир Путин 2020 анзи 31 июли ци Указ бафинста, уомæ гæсгæ 9 октябрь хаст æрцудæй нæ Фидибæсти Намуси бæнтти къæлиндармæ. Аци бæрæгбон æрæги, 9 октябри цитгин мадзæлттæй бæрæггонд æрцудæй Цæгат Иристони. Абони ба мухур кæнæн еци намусгин бæнтти цаутæй еуей туххæй æрмæг (6-аг фарсбæл).

## ЗОНУЙНАГ

## ЛИТЕРАТУРОН ПРЕМИ «БОЛÆМÆРГЪ»

***Республикæ Хонсар Иристони Минæварадæ Уæрæсей Федераций æма æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Стройцентр» расеттæнцæ аллианзон литературон преми «Болæмæргъ» райсуни фæдбæл радон конкурс.***

Премий секретариат куд фегъосун кодта, уотемæй конкурси архайунмæ бавдесæн ес романтæ, уацаутæ, радзурдтæ æмдзæвгитæ, æма литературон исфæлдистади иннæ хузтæ.

Конкурси архайуни фадуат ес, 14 анземæй 41 анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еугур еци адæмæн.

Ирон æвзагбæл финст уадзимисти авторти 'хсæн байуардзæнæнцæ æртæ премий: фиццаг – 60 мин соми, дуккаг – 40 мин соми æма æртиккаг – 30 мин соми.

Уомæй уæлдай, литературон преми «Болæмæргъ» иснисан кæнунбæл фондз анзи ке æнхæст кæнуй, еци зæрдæбæлдарæн цауи кадæн организацион комитет æ унаффи конкурси уагæвæрдмæ бахаста уруссаг æвзагбæл финст уадзимисти номинаци дæр. Аци номинацимæ бавдесæн ес аллихузон литературон жанрти финст уадзимистæ.

Номинаций нисангонд æрцудæй еу премии 60 мин соми.

Литературон преми «Болæмæргъ» райсуни туххæй конкурси архайуни фæдбæл еугур фарстатæ дæр исбæлвурд кæнæн ес, секретариатмæ бадзоргæй (æ телефон: **+7 (495) 644-27-57**, факс: **+7 (495) 644-27-58).**

***Уæрæсей æригон политологти форум «Дигори» куст цæуй Дигоргоми базæ «Арви къæсæри». Æрæмбурд си æнцæ сæдæ адæймаги нæ бæсти 45 регионемæй, æртæсæдæ ба ма си архайунцæ еуварсгондæй. Форум косдзæнæй къуæрей дæргъи.***

# ГЪУДДАГИ КУ БАЦÆУАЙ, УÆД СИ АРХАЙУН ГЪÆУЙ!..



**БИТАРТИ Вячеслав æма Юрий ТРУТНЕВ (астæуæй) Мамисони проект кæми æнхæстгонд цæуй, еци рауæнти хæццæ зонгæ кæнгæй.**

***Нæ республики косæг балций адтæй Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Юрий ТРУТНЕВ.***

Цæгат Иристонмæ иссæугæй, Уæрæсей Хецауади вице-премьер, фиццагидæр бабæрæг кодта курортон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и арæзтадæ. Адтæй Беслæни фиццаг скъолай, деденгутæ си исæвардта æма иссирдта, спортивон зали ка бабун æй, еци æвуд сабийти æма сæ хестæрти рохс нæмттæ. Уой фæсте фæууидта Æрхонки нæуæг цалцæггонд сæйгæдонæ.

Фæстæдæр **Юрий Трутнев** фембалдæй республики разамунди хæццæ æма æрдзубанди кодта Цæгат Иристони социалон-экономикон ирæзти нисантæбæл æма гæнæнтæбæл. Юрий Трутнев куд загъта, уотемæй уæхæн косæг балций бон раздæр адтæй Хъæрæсе-Черкести Республики.

- Нур ба æркæсун гъæуй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон-экономикон уавæрмæ, исбæлвурд кæнун æ идарддæри ирæзти нисантæ æма, цæмæй фæгъгъомусгиндæр уа, уомæн циуавæр гæнæнтæ ес, уони.

Раст зæгъун гъæуй, республики социалон-экономикон бæрæггæнæнтæ бустæги зæрдæмæдзæугæ нæ 'нцæ. Фæстаг цалдæр анзей дæргъи, бæрæг даруй медбæстон еумæйаг продукций бæрцбарст, регионалон еумæйаг продукци æма промышленнон кустуати индекс минкъийдæр ке кæнунцæ, е. Гъæууон хæдзаради продукций бæрцæ дæр, Уæрæсей гъæууонхæдзарадон продукций рæстæмбес бæрцæй æй минкъийдæр. Ке зæгъун æй гъæуй, куд иннæ регионти, уотæ Цæгат Иристони экономикæбæл дæр лæгъузæрдæмæ фæззиндтæнцæ, коронавирус ци къулумпитæ расайдта, етæ. Аци анз 1 сентябрмæ республикæ æ цæргутæй даруй мизд 31,1 миллион соми, уой хæццæ, бюджетон косгутæн мизд федунæй ихæс нæ даруй. Розници базаради зелдох аци анз, фари хæццæ рабаргæй, фæмминкъийдæр æй 13, 8 проценти, бундорон капиталмæ инвестицитæ фæмминкъийдæр æнцæ 10,2 проценти (Уæрæсей – 4 проценти).

Уавæр цæмæй фæххуæздæр уа, уой туххæй республики Сæргълæууæги хæццæ бакосдзинан æма исбæлвурд кæндзинан республики ирæзтæн агъазгæнæг сæйраг фæззелæнтæ. Мæнмæ гæсгæ, уонæй еу æй туризм. Цæгат Иристони арæзт цæуй устур туристон комплекс «Мамисон». Æ исаразунæн ес бæлвурд ихæслæвæрдтæ нæ бæсти Президентæй. Федералон бюджети æ исаразунæн æвæрд æрцудæй 6,36 миллиард соми. Æ исæнхæст кæнунмæ гъæуй инвесторти æргом раздахун. Цæгат Иристонæн æ æрдзæ æй дессаг æма алæмæттаг, дони æвæрæнтæ – гъæздуг. Хъæбæр берæ уæмæ ес, бағъæуайкæнуйнаг ка 'й, уæхæн æрдзон фæзуæттæ, цуппаремæн си ес федералон нисанеуæг. Етæ республики экономикæн, æ социалон царди къабазæн цæйбæрцæбæл пайда исуиуонцæ, уомæ дæр гъæуй бæлвурддæрæй æркæсун.

Нæ республики цардиуаги социалон къабази уавæр фæгъгъомусгин кæнунæн Цæгат Иристони ци гæнæнтæ æма фадуæттæ ес, уонæй æнхæстдæрæй испайда кæнуни фарстатæмæ е 'ргом раздахгæй Юрий Трутнев æ радзубандий загъта:

- Бабæрæг кодтан цалдæр нæуæгарæзт социалон объекти. Хецæн дзубандий аккаг æй æрдзон гъæздугдзийнæдтæ гъæуай кæнуни, уæдта пайдайаг æрзæттæ агоруни фарста. Гъуурон хæдзаради къабази республикæ ци проекттæ æнхæст кæнуй, етæ дæр гъæуама уонцæ фулдæр. Ке зæгъун æй гъæуй, æнæлухгонд фарстатæ – берæ, уотæ берæ æнцæ, нурма нæмæ разæй ци куститæ æнгъæлмæ кæсунцæ, етæ дæр.

Экономики ирæзтбæл дзубанди кæнгæй, фиццагидæр, гъуди кæнун гъæуй адæмбæл, сæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл, уæлдайдæр, устур бæлахи ка бахаудтæй, еци адæми цардбæл. Мæ дзубанди æй Беслæни цæргутæбæл. Нæ бæсти разамундæн аци фарста æй уæлдай ахсгиагдæр æма имæ еудадзугдæр е 'ргом здахуй, - загъта Уæрæсей Федераций вице-премьер.

Æ арфи дзубандий нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** куд загъта, уотемæй федералон нисанмæ арæзт программитæ æма национ проекттæ республикæ ке æнхæст кæнуй, уой фæрци региони социалон-экономикон фарстатæй беретæ цæунцæ лухгонд.

- Комкоммæ де 'нхусæй, Уæрæсей Федераций экономикон ирæзти министради агъазæй, нæ бæсти Президент **Владимир Путин** курорт «Мамисон» исаразуни фæдбæл ци бæлвурд ихæстæ равардта, етæ æнхæстгонд цæунцæ. Аци проект ку исцæттæ уа, уæд еугур бæстæн дæр уодзæнæй айдагъ федералон нæ, фал дуйнеуон нисанеуæги агъазиау хуæнхон-рекреацион комплекс. Е айдагъ экономикон проект нæй, фал ма æй ахсгиаг социалон проект дæр. Уой фæрци нæмæ дууæ анземæ фæззиндзæнæй дууæ мин косæн бунати æма ма уомæй дæр фулдæр. Хецæн инвесторти нуртæккæ дæр цæттæ æнцæ курорти арæзтадæн 10 миллиард соми раттунмæ. Нурмæ дæр æнхæст кодтан æма идарддæр дæр æнхæст кæндзинан республики социалон-экономикон уавæр размæ ракæнунæн национ проекттæ æма федералон нисанмæ арæзт программитæ.

Уæрæсей Федераций Хецауадæ 2017 анзи рахаста унаффæ. Уоми амунд æнцæ, 2018-2025 æнзти Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон-экономикон ирæзтæн ахсгиагдæр ка 'й, еци фиццаградон мадзæлтти номхигъд. Зонун æй, сæ исæнхæст кæнунæн Уæрæсей разамунд еугурвæрсугæй дæр ке архайуй, уой, - загъта республики Сæргълæууæг æма бафеппайдта, еци мадзæлттæ æнхæст кæнунæн син федералон центрæй æнхус нурмæ дæр ке цудæй, æма идарддæр дæр ке уодзæнæй, уобæл æ зæрдæ ке даруй.

Юрий Трутнев æма Битарти Вячеслав дзуæппитæ равардтонцæ журналистти фарстатæн. Уæрæсей Хецауади вице-премьер куд баханхæ кодта, уотемæй республики разамунди хæццæ аци фембæлд фæстаг нæй.

- Еу мæйи фæсте Битарти Вячеслав уодзæнæй Мæскуй, æма, абони дзубанди ци идарддæри ирæзти нисантæбæл цудæй, уони балæмбунæгдæр кæндзинан, æма сæ исæнхæст кæнуни куст райдайдзинан, - загъта Юрий Трутнев.

Æ косæг балций кæрони Юрий Трутнев бабæрæг кодта республики Национ музей æма Адæмон аййевадон армдæснити центр.

***МАЛХЪАРТИ Зæлинæ.***





**Юрий ТРУТНЕВ æма БИТАРТИ Вячеслав зонгæ кæнунцæ Национ музейи экспонатти хæццæ.**

**Мæгурдзийнади нихмæ тохи Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй 17 октябри. Куд уæмæ кæсуй, уой фæрци мæгургорти уавæр фæххуæздæр уодзæнæй? Магъа, магъа...**

***Номдзуд Карл Маркс ма нæмæ цитгийнаг ку адтæй, уæд еци рæстæгути, уой æнгæс ка адтæй, уæхæн тургътæсæрфæг лæгмæ оргæнти косгутæ фæдздзурдтонцæ, æвæстеуатæй дæ закъæ ниддасæ, зæгъгæ. Е син ку зæгъидæ: « Хуарз, мæ закъæ ниддасдзæнæн, фал мæ зунд ба кæми баримæхсон?..»***



# ГЪÆУГÆ ÆРГОМ - ХУÆНХОН БУНÆТТИ РАЙРÆЗТМÆ, ХЕ ХÆДЗАРÆДТÆН АГЪАЗ КÆНУНМÆ...

***Цæгат Иристони Сæргълæуuæг БИТАРТИ Вячеслави разамундæй адтæй республики Проектон офиси радон æмбурд. Фембæлди архайгутæ æрдзурдтонцæ хуæнхон территорий райрæзти проектбæл хе минкъий хæдзарæдтæн агъаз кæнуни мадзæлттæбæл, уæдта æндæр ахсгиаг фарстатæбæл.***

Еумæ райсгæй, æмбурди урух æма лæмбунæг дзубанди рауадæй Цæгат Иристони агропромышленнон комплекси идарддæри райрæзтбæл.

Фарстай фæдбæл доклад искодта республики гъæууон хæдзаради æма хуайраги министр **Уазити Хъазбег**. Æ дзубандимæ гæсгæ, Цæгат Иристони разамунд æнхæст кæнуй агропромышленнон комплекси еугур къабæзти райрæзтæн агъазгæнæг программитæ.

Министр куд фæннисан кодта, уотемæй, зæгъæн, уæхæн агъази мадзæлттæй еу æй хе минкъий хæдзарæдти хецæуттæн гъаруæтти æфсæн хæйттæ дæттун. «2021 анзи уæхæн гъаруæттæ ратдзæнæнцæ 20 минкъий ке хæдзарадемæн. Уой хæццæ, алли хæдзарадæн дæр уодзæнæй 1,2 гектари фæзуати гъаруат æрæвæруни фадуат. Гъаруати æфсæйнаг хæйттæй уæлдай, хæдзарæдти хецæуттæн лæвæрд цæудзæнæнцæ гъаргæнæн æма донæй æфсадуни системити ефтонггæрзтæ дæр. Куд нисангонд цæуй, уотемæй уæхæн æма æндæр ауодæн мадзæлтти фæрци 2022 анзмæ республики еугур гъаруæтти зайун кæндзæнæнцæ аллихузи халсартæ 4 мин тонней бæрцæ», - загъта Уазийфурт.

Уомæй уæлдай, республики раизолдæр уодзæнæй лæмбунæг архайд рæзи кусткæнуни райрæзти республикон программи фæлгæти дæр. Уотæ, 2021 анзи нуриккон технологити бундорбæл хе минкъий хæдзарæдти ниййараздзæнæнцæ никки дæр ма рæзæдæнттæ 20 гектаремæй фулдæр. Уæхæн паддзахадон агъаз минкъий хæдзарæдти хецæуттæн лæвæрд цæудзæнæй грантти хузи. Уой хæццæ, нуртæккæ бал уæхæн рæзæдæнттæ ниййаразуни хъæппæрес равдистонцæ 100 хæдзарадей хецæуттæ (алли рæзæдони фæзуат дæр уодзæнæй 10-30 сотки). Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй аци проект дæр агъаз уодзæнæй рæзи æрзад зингæ фæффулдæр кæнунæн (рагагъоммæ нимадмæ гæсгæ, еу анзмæ 2 мин тонней бæрцæ).

**Битарти Вячеслав** профилон министрадæн баихæс кодта, цæмæй, аци æма æндæр проекттæбæл косгæй, лæмбунæг хигъд æрцæуа иннæ уæрæсейаг регонти фæлтæрддзийнадæ. «Еци æуузæл хуæрзæрдæмæ исахеддзæнæй нæ хæдзарæдти архайдбæл – еске фæлтæрддзийнадæ алкæддæр фæууй пайдайаг», - загъта республики разамонæг.

Маргъдарунади райрæзтбæл дзоргæй, Уазити Хъазбег куд фæннисан кодта, уотемæй 2021 анзи инкубаторти комплекстæ (сæ еумæйаг бæрцуат – 16 мин айки) байуардзæнæнцæ 10 минкъий хе хæдзарадебæл. Еци мадзали фæрци минкъий хе хæдзарæдти мæргъти нимæдзæбæл еу анзмæ гъæуама бафтуйа 200 мин сæрей бæрцæ.

Проектон офиси æмбурди архайгутæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ хуæнхон бунæтти райрæзти программи мадзæлттæ æнхæст кæнунмæ.

Программæбæл бæрнон специалисттæ куд фæннисан кодтонцæ, уотемæй аци программи фæлгæти фиццаградон паддзахадон агъаз лæвæрд цæудзæнæй, хуæнхон бунæтти ка цæруй æма сторвонс, фусвонс, маргъдарунади, уæдта мудгæси куст ка кæнуй, еци адæмæн.

- Еци программити 'хсæн уæлдай цæмæдессагдæр æй Хонхи Карцай «аграрон гъæу» исаразуни проект. Еци гъæуи нуртæккæ ес, 620 стори кæми дарунцæ, уæхæн фермæ. Проект царди рауадзунбæл министради специалисттæ косунцæ. Куд нисан кæнæн, уотемæй фæстæдæр уæхæн проект æнхæст кæндзæнæнцæ Ирæфи райони Лезгори дæр, - загъта Уазити Хъазбег.

Уæлдæр ранимад программитæ æма проекттæ хуарзбæл банимайгæй, Битарти Вячеслав профилон министрадтæ æма ведомствити разамонгутæн баихæс кодта, цæмæй фермертæн æма гъæууон хæдзаради иннæ товаруадзгутæн берæвæрсуг агъаз кæнонцæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ – УИНАГÆДÆР

### УÆРÆСЕЙÆГТИ ХЪÆБÆРДÆР ЦИ ТУХСУН КÆНУЙ?

Адæми цæстингас бæрæггæнæг Левадæ-Центри æртасгутæ æрæги исбæрæг кодтонцæ, Уæрæсей цæргутæ нæ абони цардиуаги фарстатæй кæцити цæйбæрцæбæл сагъæссагбæл нимайунцæ, уой.




## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



Еу лæг æма уосæн адтæй еунæг фурт. Æгæр боцахур æй кодтонцæ. Æма е дæр æ цард æрвиста игъæлдзæгæй, адтæй ин берæ æмбæлттæ. Сæхемæ сæ æрбахонидæ æма син дессаги фингитæ æрæвæридæ. Еууæхæни еу дзæбæх кизгæбæл исæмбалдæй, баурзта æй æма 'й ракорунвæндæ искодта. Киндзæхсæвæри размæ фидæ æ фуртæн загъта, де 'мгæртти, дан, сæ еугурей дæр æрбахонæ. Е цийнæгæнгæй исарази æй. Киндзæхсæвæри бон ралæудтæй, фал лæхъуæни æмгæрттæй еу дæр нæ зиннуй. Искатай æй æма æ фиди фæрсуй, хунди гæгъæдитæ, дан, рарвистайтæ.

- Алкæмæ дæр равистан, фал гæгъæдити киндзæхсæвæри кой нæ адтæй, айдагъдæр си ниффинстан: «Уе 'мбали уæ агъаз багъудæй æма корæн, цæмæй имæ фæззиннайтæ. Гъема гъуддагæй ци рауадæй, уой дæхуæдæг уинис...

Аци хабар уомæ гæсгæ æримистан, æма еци лæхъуæни уавæри ан мах, уæрæсейæгтæ. Нæ паддзахадæ нæ – нæдæр советон доги, нæдæр ба абониккон цардарæзти – уоййасæбæл некæд барæвдудта. Уотемæй ба хъæбæр берæ къæбæрсайæ паддзахæдти боц кодта нæ мулкитæй. Æма етæ дæр нæ фæрци хъæбæр «къæбæлдзуг» цард кодтонцæ... Фал нæхе сæ агъаз ку багъудæй, уой дæр мулкитæй нæ, фал не 'знæгтæ нæ нихмæ æгæр æргомæй æрхайун ке байдæдтонцæ, уомæ гæсгæ нæ фарс фæууотæ, зæгъгæ, уæд си кадæртæ, нæ сойнитæй исæрст къембуртæ еуварс разилдтонцæ, кадæртæ ба нин си знаггадæгæнгутæ фестадæнцæ. Никки дессаг ба ма е æй, æма син уотид æфстау ци фæрæзнитæ фæллæвардтан, уони дæр ма нихxатир кодтан еци гадзирахаттæй рацæуæг «къæбæрлимæнтæн».



**Геннадий ОНИЩЕНКО,** ***Паддзахадон Думи депутат – косгæ къуæре цуппар боней бæрцæ искæнуни тæссагдзийнади туххæй:*** **«Уотемæй нæ бон уодзæнæй цуппæрæни дзæбæх баниуазун, майрæнбони ба ма ибæл бафтаун, сабат æма хуцаубони ба фæлмæнвадæй ранакæ кæнун.**

*- Еу фарста: майрæнбони изæрмæ адæмæн се 'хцатæ, æвæдзи, фæууодзæнæнцæ æма син къирхуни уолæнтæй ранакæ кæнунæй æндæр ма гæнæн уодзæнæй... Иннæ фарста: уотæ ба нæ рауайдзæнæй, æма гъуддаг дууæ бонебæл фæййевгъуйдзæнæй? Магъа-магъа, фулдæр хæттити уотæ рауайуй, æма къефуни равгитæй кæрæй-кæронмæ пайдагонд фæццæуй. Æма сабат хуцаубони хæццæ уæхæн равгитæ не 'суодзæнæнцæ?..*



**Анатолий ЧУБАЙС,** ***«РОСНАНО»-й сæргълæууæг:*** **«Цийфæнди фонд дæр уотæ косуй. Уомæ алкæддæр уотæ 'й: æртиккаг хай – писситт, еума æртиккаг хай – уордæмæ-ардæмити, еума къæрт бустæги æнæлæдæрд æма 2-3 æнтæсти...»**

*- Е дин Чубайс æхуæдæг – цардæгас уæхæн фонд! Е дин е 'ргъудигонд приватизацийæй ци фудракæндитæ исаразта нæ паддзахади есбонадæн, е дин РАО ЕЭС-æн (Уæрæсей еумæйаг энергетикон системæн) цитæ бакуста, нур ба «РОСНАНО»-й фæрци гъуддæгутæ, бæлвурддæр ба паддзахади бюджети агъазиау фæрæзнитæ «уордæмæ-ардæмитæ» кæнуй. Гъуди ма 'й кæндзинайтæ, кæддæр хенвæрсонæй куд загъта, гъома «РОСНАНО»-й нæмæ уойбæрцæбæл берæ æхцатæ ес, æма син банимайæн дæр нæййес. Æма уæхæн равгити хæццæ ба паддзахадæн ци пайда хæссунцæ? Писситт æма писситт... Сæхецæн ба си цæйбæрцæбæл пайда кæнунцæ, уомæн, æцæгæйдæр, банимайæн дæр нæййес... Æцæг си нурмæ дзуапп байагорæг ба куд нæййес, уотæ, æвæдзи, уогæ дæр нæ уодзæнæй?..*



**Владимир БОРТКО,** ***кинорежиссер, Паддзахадон Думи депутат:*** **«Кино есун – айдагъдæр гъе уомæ арæхсун. Фал хъæбæр æхцæуæндзийнади хæццæ дæн Паддзахадон Думи... Ралхъевæ-ралхъевæ кæнун æлхъевæнтæ...»**

*- Æ бæлах дæр е æй, æма нæ Паддзахадон Думи æгæр ке исберæ 'нцæ, закъонæвæрæн исфæлдистадон ацъагъуæ æгириддæр кæмæ нæййес, етæ. Æма сæ зæрдидзæбæхæн гъæлæсгæнæн æлхъевæнтæ ралхъевæ-балхъевæ кæнунцæ. Цæбæл гъæлæс кæнунцæ, уой æнхæст дæр нæ лæдæргæй. Уомæ гæсгæ нæмæ фæззиннунцæ зæранæй уæлдай æгириддæр кæмæй неци пайда ес, уæхæн закъонтæ. Кæцидæртæ ба си уæхæнттæ рауайунцæ æма раст сагъæсгъон адæм деси бацæунцæ: «Аци закъон ка æримиста, етæ сæ кеми адтæнцæ?..»*

**Зундгонд финсæг æма публицист, Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат Цгъойти Федори фурт Хазбийбæл 10 октябри исæнхæст æй 80 анзи. Зæрдиагæй дин, Хазби, арфæ кæнæн, æнæнез уо, никки агъазиаудæр æскъуæлхтдзийнæдтæ дин бантæсæд!..**

***Номдзуд финсæг Бесати Тазе: «Бартолени роли Тæбæхсаути Бало æ устур искурдиадæ хъæбæр хъаурæгинæй ке равдиста, е гурусхаг нæбал адтæй. Еци роли ’й ка фæуидта, етæ ’й нæбал иронх кодтонцæ дестæгæнгæй. Уæлдай бæлвурддæрæй ба ’й балæдæрдтæнцæ коллектив сæхуедтæ. Æма имæ фæсномугæй Бартолени номæй дзорун байдæдтонцæ...»***


Тæбæхсаути Бало (астæуæй бадуй) Иристони аййевæдти зундгонд архайгути хæццæ.

# БАЛОЙ ФИЦЦАГ РОЛЬ



***Æртинсæй анзей размæ (1960 анзи, 5 октябри) нæ Иристони аййевадон царди æрцудæй ахсгиаг цау – нæ номдзуд актер Тæбæхсаути Василийи фурт Владимирæн (Балойæн) лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси адæмон артисти цитгин ном. Уой фæдбæл мухур кæнæн, финсæг Роман Фатуев кæддæр Балой ифæлдистадон нади райдайæни туххæй ци очерк ниффинста, уой дуккаг хай (фиццаг хай кæсетæ нæ газети раздæри номери).***

Еууæхæни Валодямæ фæдздзурдтонцæ фæскомцæдеси обкоммæ æма ин загътонцæ, кæд дæ, миййаг, Сахалинмæ косунмæ рандæун фæндуй, зæгъгæ. Еци хабар ин æнæнгъæлти ке адтæй, уомæ гæсгæ, Валодя еуцæйбæрцæдæр рагъуди кодта æма исарази æй.

Е адтæй, æнæгъæнæ бæсти дæр, уæлдайдæр ба Идард Скæсæни устур арæзтæдти райдайæни фиццаг фондзанзони рæстæг.

Раст зæгъгæй, æ медбилти имæ нæ бахудтæй еци карз, æвадуат æма уазал бæстæ æма еуцæйбæрцæдæр гъардзийнадæй нæ исæмбалдæй дууæ æма инсæйанздзуд гъарахур ирон лæхъуæн-лæгбæл. Фиццаг рæстæги ин берæ зинтæ æма гъезæмæрттæ æвзаргæ æрцудæй. Фиццаг фæссæйгæ ’й резæнги незæй, уæдта басадæй тифæй дæр. Уæддæр федар зæрдæ ниффæразта, æригон бауæр æ хъаурæй нæ фæккиудтæй, еци уæззау фæлварæнтæй тухгиндæр разиндтæй.

Ирон фæсевæди къуар Мæскуй театралон аййевадæбæл ку ахур кодтонцæ, уæд Валодя ба еци рæстæг Сахалини шахтитæ аразта. Нæ ’й евдалдæй сæхердæмæ… Æма ’й адæм абони сценæбæл фиццаг хатт ке фæууидтонцæ, е дæр æнæнгъæлти рауадæй. Уоми фудгин æй еугурей разæй Гиго!

Фæстаг акти кæронмæ ма минкъий гъудæй, уотемæй Гиго февзурдæй кæсæн залмæ бахезæн дуари рази. Гъуддаг куд рауадæй, уой æхуæдæг дæр дзæбæх нæбал гъуди кæнуй. Æ зæрдæбæл ма си лæууй айдагъдæр е, æма театри ка адтæй, етæ дæр, уæдта актертæ дæр еци æмхузонæй нирдзæф кодтонцæ уæди уæнгæ æнæзонгæ актерæн. Адæмæн сæ цæсгæнттæбæл цийни æнкъарæнтæ гъазтонцæ, цæститæ æрттивтонцæ.

«Æнæнгъæлти амонд! Æ гъазт фæррæстмæ ’й! Уогæ ба хаттæй-хатт ци не ’рцæуй!..» Гъæуама уотæ уа? Уæхæн гъудитæ исæвзурдзæнæнцæ, ка неци лæдæруй, æхецæй уæлдай ка неке уарзуй, айдагъдæр уæхæн адæймаги сæри. Ка-ка, фал Гиго хуарз зонуй: аййевади медæгæ æнæнгъæлти некæд неци искæнæн ес, æнæнгъæлти си некæд некæмæн неци рауайдзæнæй. Фескъуæлхæн си æ бон æй айдагъдæр уомæн, æма искурдиадæ кæмæ ес, фæллойнæ ка уарзуй, гъуддаг лæдæргæ ка кæнуй.

Гигойæн æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, игъустгонд актрисæ Ермоловабæл фондз æма æртинсæй анзей размæ ци хабар æрцудæй, е. Ермолова дæр раст гъе уотæ раййивта Эмилия Галаттийи роли гъазæг Федоровæй, е æнæнгъæлти ку æрбасæйгæ ’й æма театри разамунд фуртухстæй ци ракодтайдæ, уой ку нæбал зудта, уæд. Гъо, е æмбесондæн байзадæй – цæйбæрцæбæл дессаги арæхстдзийнадæ равдиста Ермолова, цæйбæрцæбæл ирдæй исæрттивта æ драматикон искурдиадæ!

Æма кæцæй зонæн, кæд нуртæккæ дæр уæхæн ести цауи, кæд Гиго æхуæдæг дæр мæнæ аци тæккæ рауæн раст уæхæн дессаги гъуддагæн æвдесæн уодзæнæй, уæдта?!. Æцæг актерти райгурд еуæй-еу хат уотæ æнæнгъæлти фæууй æма байзайуй æмбесондæн!

Гигойæн æнай-æнойти æ реуи февзурдæй æхцæуæндзийнади уолæнтæ. Æхе ма тухххæйти уорæдта, цидæр цæстуарзон устур тухæ ’й размæ æсхуста - Валодяйæн еугурей разæй зæрдибунæй райарфæ кæнунмæ... Еци тухæ ’й æ уæлнихти исиста æма, тухгин къохæрдзæф игъосгæ дæр нæбал кодта, уотемæй минкъий дуари ’рдæмæ ниццавта. Фæссцени кæрæдзей сæрбæл æвæрд декорацити æхсæнти бауадæй æма рохс æрдæмæ фæннæхстæр æй.

Унгæг тургъи адæмæй фезмæлæн дæр нæ адтæй. Актертæ къуммæ батардтонцæ Валодяй æма, дзурдтæ кæрæдзей цъухæй истонцæ, уотемæй æй арфити буни фæккодтонцæ. Лæхъуæн сæмæ æ фурфæлладæй цидæр æнæбари худт кодта. Æ саухелæ цæсгон фурæфсæрмæй ниссурх æй. Фуртæвдæй æ цæсгонбæл грим ратадæй æма хеди æртæхтæ æ ростæбæл уадæнцæ дæлæмæ, æ бор-борид хæдонæмæ. Фал уæддæр æ цæститæ ба… Уони фурæрттивдæй бæрæг адтæй, цæйбæрцæбæл амондгун æй, е. Æма куд нæ, уотæ берæ ци гъуддагмæ æнгъæлмæ кастæй, е ибæл абони æрцудæй!

Актертæ, кæд æма еуцæйбæрцæдæр хицæгæнагæ фæуунцæ, уæддæр абони ба рæстуодæй æма æргомзæрдæй исæмбалдæнцæ, сæ рæнгъитæмæ уоййасæбæл æнтæстгинæй ка æрбакъахдзæф кодта, уой æнтæстдзийнадæбæл, кастæнцæ имæ æргом æма цийнæйдзаг цæсгæнттæй, еу гъуддаги фæдбæл еузæрдиуонæй архайæг адæм сæ фескъуæлхгæ æмбалмæ куд фæккæсунцæ, уотæ, æма ин дзурдтонцæ, кæмæн си æ зæрди ци райдзастдзийнадæ игурдæй, уой туххæй зæрдтагон зæгъдтитæ.

Гъо, æнæмæнгæ, е адтæй дести æфтауæг æскъуæлхтдзийнадæ, нæуæг устур искурдиадæ æнæнгъæлти райгурдæй – цийнагдæр æма æхцæуæндæр хабар!

Валодя æнай-æнойти раууидта Гигой æма имæ фездахтæй. Æугурæйдæр балæдæрдтæнцæ, сæйрагдæр дзурди барæ Гигойæн ке дæттуй, уой. Цума ци зæгъдзæнæй мадта? Ци гъуди имæ ес? Куд имæ фæккастæй Валодяй гъазт Бартолени роли? Нури уæнгæ Гигойæй хуæздæр æма дæснидæр ку неке нимадтонцæ еци роли!

Актертæ фæйнердæмæ рацудæнцæ æма син над исуæгъдæ кодтонцæ сæ кæрæдземæ хæстæгдæр бацæунæн. Еугурæйдæр нигъгъос æнцæ, æнгъæлмæ кастæнцæ, дууæ «Бартолени» ци кæндзæнæнцæ, уомæ.

Гиго æнæдзоргæй бацудæй æма æ хъури никкодта Валодяй. Æхемæ ’й хъæбæр нилхъивта æма ин сабур гъæлæсиуагæй æ гъоси бадзурдта:

- Ниххатир мин кæнæ!..

Валодя æхе фæууæгъдæ кодта е ’мбали гъæбесæй, десгæнгæ имæ бакастæй:

- Цæй туххæй, Гиго?

Валодяйæн дзуапп раттуни бæсти е цæхгæр фæззилдæй иннæ актерти æрдæмæ æма ниллæг, фæсос гъæлæсæй загъта:

- Уотæ ’й банимайæн, мадта, æнсувæртæ... Абони не ’хсæнмæ æрбацудæй нæуæг актер – Тæбæхсаути Бало!..

Валодя, æхуæдæг дæр æй нæ балæдæрдтæй, уотемæй син ниллæг æ сæрæй ракувта. Фæрсæрдигæй бакæсгæй, е зиндтæй, æ амонд æ реуи кæмæн нæбал фæццæуй, уæхæн сувæллони хузæн – æцæг, устур сувæллони хузæн.

Гъе уотæ райдæдта советон зундгонд трагик, Отелло æма къарол Лири рольти дессаги дæсни гъазæг, Иристони адæмтæ арфиаг æма сæрустур кæмæй æнцæ, уой – Советон Цæдеси адæмон артист Тæбæхсаути Валодяй устур над устур аййевади цæуæнти.



**КАРИАЕВА Тамара,**

(1915-1989)
народная артистка РСФСР

– Бартолен - Тхапсаев был похож на огромного, грубо обтесанного деревенского идола. Лицо неподвижное, взгляд тупой. Шествовал он важно, чуть волоча ноги и изгибаясь в талии, как будто у него был поврежден позвоночник. Он не говорил, а мычал, как глухонемой… Но как ни смешон был Бартолен, он производил гнетущее впечатление – становилось страшно от мысли, что это тупое животное вершит судьбами людей.

*Ирина ГУРЖИБЕКОВА*

## ТХАПСАЕВ ИГРАЕТ ОТЕЛЛО

Добро и зло. Любовь и ревность.
Бессилье с силой наравне.
Всепоглощающая верность –
И от обмана боль вдвойне.
И жизнь, и смерть, и гнев, и ласка...
Как это все в себе вместить?
Как ярость раненого барса
И беззащитность совместить?
Какою силой неуемной
Заставить двигаться и жить
Большого черного ребенка,
Попавшего в объятья лжи?
...Он столько лет уже играет...
И не поверит ведь никто,
Что в час, когда он грим снимает,
В пиджак влезает и в пальто,
Идет домой, большой, усталый,
С улыбкой счастья на губах,
Его еще не оставляют
Ни боль. Ни гнев. Ни стыд. Ни страх.
И те же мучают вопросы,
Те, что и много лет назад.
И паренек темноволосый
На цыпочках проходит в зал,
Чтоб на Ардонской клубной сцене
Открыть в себе огромный мир,
В котором нет еще Отелло.
В котором есть уже Шекспир.



# БÆРÆГБОН Æ ЗÆРДРОХСДЗИЙНАДÆЙ ИСФЕДУДТА...







***Куд иннæ æнзти, уотæ æрæги бабæй бæрæггонд æрцудæй Дзæуæгигъæуи бон. Нури санитарон-эпидемиологон уавæри тасдзийнадæмæ гæсгæ си мадзæлттæ раздæри хузæн парахатгондæй арæзт не 'рцудæй. Фал уæддæр бæрæгбон, ка си архайдта, еци дзиллæн рауадæй зæрдæхцæуæн.***

Коронавируси пандеми нерæнгæ ма еуцæйбæрцæдæр æ карзи ке æй, уой нимайгæй, уæдта, «Роспотребнадзор» æма Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради домæнтæ æма фæдзæхститæ зæрдæбæл даргæй, бæрæгбон исаразгути унаффæмæ гæсгæ нæ республики сæйраг сахари бæрæгбони кадæн мадзæлттæ арæзт æрцудæнцæ еунæг рауæни – Терки билгæрон Хъесайфурти гъæунги 'рдигæй фæлладуадзæн бунати.

Бæрæгбони мадзæлттæ бабæрæг кодтонцæ нæ республики разамунд дæр. Цæгат Иристони Сæргълæууæг **БИТАРТИ Вячеслав** зæрдиагæй райарфæ кодта дзæуæгигъæуккæгтæн сæ бæрæгбони фæдбæл.

Хестæрæй дæр æма кæстæрæй дæр си ци дзиллæ æрæмбурд æй, етæ цæмæдесæй аргъгæнæг иссæнцæ нæ национ къеретæ æма плови фестивалти, уæдта спортивон еристи архайгути арæхстдзийнадæ æма дæснидзийнадæн. Арæзт си æрцудæй республики армдæсніти æрмадзитæ æма адæмон промыслити кустуæтти продукций равдист. Концертон программи ба архайдтонцæ кафгутæ æма зартæгæнгути къуæрттæ, уæдта хецæн артисттæ.

Сæрмагонд бунат радех кодтонцæ гъæууонхæдзарадон продукций кустгæнгутæн дæр – етæ бæрæгбонмæ æрбаластонцæ æхсирæй конд хуæлцæ, муд, халсартæ, рæзæ...





***Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъди цаути æцæгдзийнадæ æма сæмæ абони цæстингаси хæццæ баст фарстатæбæл æрдзубанди кодтонцæ, æрæги Дзæуæгигъæуи ци наукон мадзал арæзт æрцудæй, уоми. Архайдтонцæ си профессионалон историктæ Цæгат Иристонæй, Мæскуйæй, Краснодари æма Стъараполи крайтæй, Ростовæй, Цæцæни, Мæхъæли æма Дагестани республикитæй.***





**Æртæ тугъдон бæгъатæри (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Павел Куприянов, Георгий Михеев æма Федор Алтунин. Къарæ ист æрцудæй тугъди фæсте сæ фембæлдтитæй еуей рæстæг.**

# ÆРТÆ НАМУСТИН БÆГЪАТÆРИ

Мæскуй арæнгъæуайгæнæг æфсæдти Центрон музейи ес фæрстæбæл ке фæннихасунцæ, уæхæн æрдæгсугъд гæгъæди. Уобæл къариндасæй финст:

*«Батальони 12-аг застави еумæйаг æмбурди протокол (1942 анзи 4 ноябри). Архайдтонцæ си Михеев æма Куприянов.*

*Бони фæткæ: игъустонцæ æмбал Алтунинмæ. Æ фæндонмæ гæсгæ 'й 26 арæнгъæуайгæнæг полкки тохи рæстæги гъæуама райстайуонцæ партий рæнгъитæмæ кандидатæй.*

*Фæндон рахастонцæ: Æмбал Ф.Алтунини партий рæнгъитæмæ кандидатæй райсун, Ленини партий тохи еузæрдиуондзийнадæ ке равдиста, уой туххæй.*

***Сæрдар – Михеев***
***Секретарь – Куприянов».***

Еци æнахур партион æмбурд цудæй тохи цæхæри бахауæг доти, æртæ бæгъатæр арæнгъæуайгæнæги Дзæуæгигъæуи бунмæ знаги роти нихмæ ку 'рлæудтæнцæ, уæд.

Кавказбæл тугъд цудæй финддæс мæйей бæрцæ. Донæй Кавкази хуæнхтæмæ, Сау денгизæй Каспийи денгизмæ.

1942 анзи ноябри тогкалæн тугъдтити архайдта Дзæуæгигъæуи НКВД-и дивизи. Аци дивизимæ хаудтæй 26-аг Сурхтурусахæссæг полк дæр. Е горæтмæ бацæуæни бауорæдта знаги. Е ба томар кодта Грозна æма Бакуй нефтмæ.

Берæ æнзти размæ еу журналистæй фегъустон, Гизæли надбæл ин еу фиййау ци таурæхъ ракодта, уой. Е адтæй цуппар бæгъатæрей туххæй. Етæ багъæуай кодтонцæ хор. Фудгол æй гъавта рахуссун кæнунмæ, фал хор ци æфцæгути фæсте фæрримæхсуй, уордæмæ бацæуæн надбæл сæхе æрфедар кодтонцæ цуппар бæгъатæри æма знаги бауорæдтонцæ.

- Цуппар бæгъатæри! Уонæн мæлæт нæййес, - фæцæй æ дзубанди фиййау.- Уони зæнхæ рауадзуй, æ цардæн тæссар ку фæууй, уæд.

Аци таурæхъ мин мæ зæрдæбæл æрлæуун кæнуй 12-аг застави арæнгъæуайгæнгути. Етæ 1942 анзи 2 ноябрæй 7 ноябрмæ фæцæнцæ знаги æртухсти, фал уæлахезæй рацудæнцæ еци лæгæвзарæн тохæй. Алли анз дæр фембæлун тугъди размæ комбайнтæрæг Федор Алтунини хæццæ. Е адтæй æнæбасæттæг доти командир. Æгасæй си уомæй уæлдай некебал байзадæй.

Федор Алтунин мин радзурдта: «Фашистон æфсæдтæ Дзæуæгигъæуи бацæуæнтæмæ ку бахъæрдтæнцæ, уæд нæ полкки застави тугъдонтæ ард бахуардтонцæ знаги æруорамуни туххæй.

Дзæуæгигъæуи НКВД-и дивизий немуц цæвун байдæдтонцæ æма 3 ноябри 26-аг арæнгъæуайгæнæг полкки рази байстонцæ æхсæн федæрттæ. Фал æфсæн бетон сæр кæмæн адтæй, еу уæхæн æхсæн бунат сæ бон байсун нæ адтæй. Уоми адтæнцæ цуппар бæгъатæр арæнгъæуайгæнæги, сержант Алтунин, сæ сæргъи, уотемæй.

Еци æфсæнсæр бунат иссæй æнæбасæттæ дот. Фашисттæ сæ тухтæ уордæмæ исаразтонцæ, пулеметæй æхстонцæ уордигæй рахаста. Гарнизони æртемæй байзадæнцæ. Ралæудтæй тохи дуккаг бон. Знæгтæ се 'хсти гъомус фæттухгиндæр кодтонцæ. Нимпурст нимпурсти фæсте цудæй, фал син хъазауатонæй нихкъуæрд лæвардтонцæ. Мæнæ сæ æрæхгæндзæнæнцæ, зæгъгæ, уæд гранатти бæститæ æхсун байдæдтонцæ знагбæл. Е уобæл дзорæг адтæй, æма мæлæтдзаг усмæ æрхъæрдтæй. Æма уæд нæ артиллери дæр æ «дзурд» загъта: доти алливарс дзармадзанти нæмгути исрæмугъдтитæ исахид æнцæ. Знæгтæ фæстæмæ ралигъдæнцæ, сæ мæрдтæ ниууадзгæй.

Кæрæдзей раййевуни рæстæг æрцудæй, кезугай тамаку радумуни æма раулæфуни рæстæг. Куприянов æрахæста парторг Михееви бунат. Михеев тамаку раздухта, Алтунинмæ бакастæй æма бафарста:

- Гъæйдæ, куд æнцæ фашисттæ, нæуæг нимпурстмæ нæ цæттæ кæнæн?

- Нур бонмæ сæ фий дæр нæбал равдесдзæнæнцæ, сæ цæфтæ стæрдзæнæнцæ.

Цалдæр усми рацудæй, æма сержант, е мбæлттæмæ е 'ргом раздахгæй, командири федар гъæлæсæй бафарста:

- Идарддæр нин ци кæнгæ 'й? Алтунин рагацау зудта парторг æма коммунисти дзуапп. Фал аци зин рæстæг æ ихæс адтæй бафæрсун.

- Тох кæнун, цалинмæ нæмæ нæмгутæ ес, æма къохтæ автоматтæбæл хуæцунгъон æнцæ, уæдмæ, - дзуапп равардта Михеев.

Уобæл ниллæудтæнцæ иннетæ дæр...

Цалдæр усми рацудæй, æма Михеев амбразурæмæ. Дæсгай минитæ ибæл бауагътонцæ. Уотæ цалдæр сахатти цудæй тох. Куддæр гитлеронтæ размæ æмпурсун райдайиуонцæ, уотæ сæбæл ехуарæгау ралæууиуонцæ. Кæд Величко уæззау цæф фæцæй, уæддæр иннæ æртæ хъазауатонæй тох кодтонцæ.

Изæрдалингитæ ку æрцæй, уæд тох басабур æй, талинги сæ бон адтæй уордæгæй рагъузун æма сæ цæф æмбали рахæссун, фал етæ уотæ нæ бакодтонцæ. Дот ку ниуугътайуонцæ, уæд над немуцæн исуæгъдæ кодтайуонцæ. Зиндзийнади бахауæг минкъий гарнизон сæхе нисантæй сæхеуæнттæн фенхус кодтонцæ. Æма сæ мæнæ æнафони иссирдта санинструктор Мартыщенко. Сæ цийнæн ма кæрон кæми адтæй, уæдта ма син сæ тухтæбæл тухæ бафтудта. Тохæнæрмæг дæр сæбæл исæмбæлун кодта, уæдта цæф Величкой дæр æхе фудгин бангъалдта æнæпартион командири рази, æма мæнæ цæй туххæй. Æ рази доти адтæй, æ гъудитæй æма æ гъуддæгутæй зæрдæй коммунист ка 'й, уæхæн адæймаг. Уавæр ке нæ амудта, уомæ гæсгæ застави коммунисттæн Алтунини курдиадæмæ æркæсуни фадуат нæ адтæй. Е æй балæвардта къуæрей размæ.

Алкедæр æхе медæгæ тухстæй æма архайдта е 'мбали гъудитæ рабæрæг кæнунбæл. Еци рæстæг парторг Михеев æхе сабуртæ кодта: «Аци зиндони цæхæрæй нæхе ку ратонæн, уæд партион æмбурд искæндзинан». Фал тугъд тугъд æй, алцидæр æрцæуй. Æма парторг федарæй искарста: «Павел, цæй æма нуртæккæ Алтунини курдиадæ равзарæн», - загъта е Куприяновæн.

- Æма курдиадæ дæхемæ ку нæ 'й,- фегъуста Михеев.

-Равзарæн æй уотемæй.

- Æма дууемæй æндæр ку нæ ан æма нин уæхæн барæ нæййес.

- Е раст æй,- нигъгъуди кæнгæй загъта Михеев.

Дууæ сутки мæлæтмæ комкоммæ кæсгæй, уонæй алкедæр гъуди кодта, уæхæн барæ син ес æви нæ, уобæл.

- Игъосай, Павел, парти нин устави уæхæн фехæлд ниххатир кæндзæнæй. Кæд æма æгасæй байзайæн, уæд, куд æнгъезуй, уотæ 'й исфедар кæндзинан.

Æнахур партион æмбурди райдайæни размæ парторг Михеев куд æмбæлуй, уотæ исистадæй, исхуфтæй, уæдта æмбурд игонбæл банимадта.

- Циуавæр фæндитæ ес президиуми туххæй?

Куприянов исистадæй æма загъта парторгæн:

- Ду сæрдар уо, æз ба - секретарь.

Уотæ знагмæ комкоммæ кæсгæй, Алтунини райстонцæ партий рæнгъитæмæ æма ин е æ тухтæбæл тухтæ бафтудта. Нæ фæккиудтæнцæ махонти нимпурстмæ, се 'хæс исæнхæст кодтонцæ. Æрмæст сæ хæццæ нæбал адтæй се 'мбал Величко – дуккаг бон рамардæй, кæд дохтиртæ хъæбæр архайдтонцæ æ фæййервæзун кæнунбæл, уæддæр.

Фæскавкази фронти Цæгатаг æфсæдти къуари командæкæнуйнадæ син сæ бæгъатæрдзийнадæ нæ ферохс кодта.

Хуарзæнхи хæццæ ци гæгъæди фæууй, уоми æз бакастæн:

*«Æхуæдæг ниццагъдта 22 гитлерони. Сержант Алтунини æнæфæккеугæ удигъæдæ æма лæгдзийнадæ æнцæ парти æма социалистон Фидибæстæбæл еузæрдиуон уни тæккæ бæрзонддæр æвдесæн. Гермайнаг фашизми нихмæ бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй æй Советон Цæдеси Бæгъатæри номи аккаг.*

***Фæскавкази фронти Цæгатаг къуари командæгæнæг инæлар-лейтенант Масленников,***
***Æфсæддон Совети иуонг, корпуси комиссар ФОМИНЫХ.***
***3.11.1942 анз.»***

Алтунин, Михеев æма Куприянови рæутæбæл исæрттивтонцæ Ленини ордентæ. Величкойæн ба 'й равардтонцæ æ рамæлæти фæсте. Куд бацæй аци цуппаремæн сæ бон уæхæн æнæрцæугæ бæгъатæрдзийнадæ равдесун? Еци фарста сæхемæ лæвардтонцæ беретæ, уони хæццæ Дзæуæгигъæуи иуазæгуати ка адтæй, еци америкаг инæлар Хэрли. Аци æртæ бæгъатæрей хæццæ фембæлгæй син е сæ цæститæмæ берæ фæккастæй, цума еу фарстайæн дзуапп агурдта, уой хузæн: «Уруси бон куд бацæй Кавказæй гитлеронти разувæт кæнун?»

Тугъди фæсте Куприянов Владимировщинæмæ æрæздахтæй æ уарзон колхозмæ косунмæ. Фондаруйнади кусти ин устур æнтæстдзийнадтæ ке бантæстæй, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном.

***Владимир БУРАКОВСКИЙ***
***(Аци æрмæг исистан нæ редакцион архивæй - кæд инсæй анзей размæ æрцудæй финст, уæддæр абони дæр æ рамухур кæнуни аккаг æй…)***

**Номдзуд тугъдон балхон, æфсади инæлар Иван Ивани фурт Масленникови райгурдбæл исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1900-1954). Кавказбæл тохи рæстæг адтæй Фæскавкази æма Цæгат Кавказаг фронтти æфсæдти командæгæнæг.**

Коронавирусæй сæйгити хæццæ ка архайуй, еци медицинон косгутæн 2020 анзи 1 январæй 30 сентябри уæнгæ сæ фæллойнадон стаж нимад цæуй сæрмагонд фæтки бундорбæл: сæ кусти еу бон нимад цæудзæнæй дууæ бонебæл. Еци уагæвæрди фарстати фæдбæл хабæрттæ бæлвурддæрæй базонæн ес, Пенсион фонди «Комкоммæ бастдзийнадæ»-мæ бадзоргæй. Æ телефони номер: 51-80-92.



# ГЪÆУАЙГОНД КУД УÆН НЕЗТÆН СÆ ФУДБÆЛАХÆЙ!..

**Цæгат Иристони сæрмагонд проект «Æргом Хецауадæ»-йи фæлгæти нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр ГОДЖИЦАТИ Тамерланæн æрæги журналистти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми дзубанди цудæй нæ республики коронавируси нихмæ тох кæнуни мадзæлттæбæл æма медицинон кустуæтти архайди хæццæ баст фарстатæбæл. Æма уæ абони зонгæ кæнæн, министр журналисттæн ци дзуæппитæ равардта, уонæмæ гæсгæ бацæттæгонд æрмæги хæццæ.**

## ХУÆЦГÆ НЕЗИ НИХМÆ МАДЗÆЛТТИ ТУХХÆЙ

- Аллибон дæр министради сæрмагонд портали æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити игъосун кæнæн коронавирусæй сæйгити нимæдзæ æма сæ уавæри туххæй бæрæггæнæнтæ. Эпидемий ирæзт айдагъ нæ республики нæ, фал нæ бæсти берæ регионти дæр фæббæрзонддæр æй. Е, ке зæгъун æй гъæуй, хуарз хабар нæй. Хуæцгæнези райдайæнæй абони уæнгæ беретæй не ’руагæс кæнуй, не ’ууæндунцæ, нæ сæмæ гъаруй, цæйбæрцæбæл тæссаг æй адæймаги цардæн, е. Баруагæс си уй, айдагъдæр сæ бийнонтæй еске ку æрсæйгæ уй, уæд. Мах айдагъ нези хæццæ нæ тох кæнæн, фал, социалон хизæги еудадзуг æнæуууæнки дзубандитæй ардауæн куст ка кæнуй, уæхæнтти хæццæ дæр. Аллибон дæр нæмæ нæ республики еугур районти сæйгæдæнттæ æма амбулаторити дохтиртæ æрветунцæ, кæци районы, гъæуи цал адæймаги фæссæйгæ ’нцæ коронавирусæй, сæ незы уавæр тухст æви рæуæг æй, уой туххæй бæрæггæнæнтæ. Еугур еци хатдзæгтæ фегъосун кæнун Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Битарти Вячеславæн.

Алли æмбурд дæр нин Хецауади хæдзари райдайуй аци темæй. Неке æнхæст кæнуй санитарон-эпидемиологон фарстатæ, «Роспотребнадзор»-и домæнтæ. Берæ æхсæнадон бунæтти адæмбæл нæ фæууиндзæнæ маскитæ. Уæлдай хъæбæрдæр мæ фæндуй зæгъун нæ республики зиантæ æма цийнæдзийнæдти мадзæлтти туæххæй. Зиан зиан æй, нæ еугур дæр æй лæдæрæн, æнæбари гъуддаг ке ’й, уой. Фал, еугæр уæхæн хабар æрцудæй, уæд алли адæймаг дæр, зианмæ цæугæй, æнæмæнгæ æ цæсгонбæл гъæуама бакæна медицинон маскæ, æ къохтæбæл ба резинæ къохæрходтæ. Хъæбæр берæ цаутæ æрцудæй, зиани коронавирусæй ка фæссæйгæ ’й æма си ка рамардæй, уæхæнттæ. Нæ гъаруй уæддæр беретæмæ, æма идарддæр дæр сæхе кæнонтæ кæнунцæ. Мадта пандемийи рæстæг нæ уадзæн нæ кувдтитæ æма киндзæхсæвæртæ кæнун дæр. Ка ’й зонуй, еске мин бауайдзæф кæндзæнæй, цийнæдзийнæдтæ дæр мабал кæнæн, зæгъгæ. Мæнæн, куд дохтир, уотæ мæ сæйраг нисан æй, адæми æнæнездзийнадæбæл архайун æма уой туххæй тухсун, домæн нæ республики еугур медицинон кустуæттæй, цæмæй æнхæст кæнонцæ еугур санитарон домæнтæ дæр æма къæрцгъос уонцæ алли сæйги уавæрмæ дæр. Сагъæси ма нæ дохтирти æфтауй еу гъуддаг. Коронавирусæй ка фæссæйгæ уй, уонæй беретæ дохтирмæ фæййагъаз кæнунмæ нæ фæдздзорунцæ, фал, сæхуæдтæ сæхецæн хуастæ кæнунцæ. Зонгитæй, хеуæнттæй ка исдзæбæх æй, уонæмæ телефонæй бадзорунцæ æма си консультаци байагорунцæ. Еци миутæй адæймаг æхуæдæг æхецæн знаггадæ кæнуй, уæдта æ алливарс ка ’й, уони дæр тæссаг уавæри æвæруй.

## КОРОНАВИРУСÆЙ СÆЙГИТИ НИМÆДЗИ ТУХХÆЙ

- Беретæ мæмæ телефонæй æрбадзорунцæ æма мин бауайдзæфтæ кæнунцæ, сæйгити нимæдзæ раст нæ дзоретæ, зæгъгæ.



Хуæцгæнези ахæсти ка ’й абони, еци сæйгити туххæй мæмæ мæнæ уæхæн бæрæггæнæнтæ ес. Нæ республики коронавирусæй сæйгитæ ес 6067 адæймаги. Уонæй 91 уæззау уавæри æнцæ Республики клиникон æма Тагъд агъази сæйгæдæнтти стационарти.

38 сæйги – реанимацион хайади, 10 адæмаги ба – уолæфæн аппараттæмæ ке бафтудтан, уæхæнттæ. Иннети дзæбæх кæнæн амбулаторон уагæй сæ хæдзæртти. Мартъий мæйæй абони уæнгæ аци незæй рамардæй 70 адæймаги.

## РАЙОНТИ НÆ ФАГÆ КÆНУЙ ДОХТИРТÆ

- Аци фарстай фæдбæл министрадæмæ ахид æрбадзорунцæ адæм. Фиццагидæр, аци фарста районти сæйгæдæнтти сæйраг дохтиртæй аразгæ ’й. Етæ гъæуама агоронцæ кадртæ æма син фадуæттæ аразонцæ. Нари гъæуи амбулатори æхгæд æрцудæй. Нæ си дохтир, нæ си фельдшер, нæ си медицинон хуæрæ ес. Æхгæд æй абони Алагири районы Нæуæггъæуи амбулатори дæр. Аци фарстатæ комкоммæ хаунцæ районы сæйраг дохтирмæ æма мæ агъаз кæми багъæуа, уоми мæ равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ фæййагъаз кæндзæнæн, мæхе нæ рахатдзæнæн.

Нæ министрадæмæ берæ гъæститæ цудæй районти сæйгæдæнтти кусти туххæй. Гъома, коронавирусæй сæйгæ адæймæгутæмæ фагæ цæстдард нæ цæуй, зæгъгæ. Корун, уæхæн цаутæ ку раргом уонцæ, уæд уони комкоммæ амонун, бæлвурдæй кæци сæйгæдони æрцудæй æма кæци дохтири фудæй, æма уотемæй игъосун кæнун министрадæмæ.

## ВАКЦИНÆ, ХУАСТÆ ÆМА МÆНГÆДЗУБАНДИТÆ

Берæ мæнгæттæ дзубандитæ цæуй коронавируси нихмæ вакцинаций фæдбæл. Æма нæ е сагъæссаг гъудитæбæл æфтауй, хуæрзæрдæмæ нæ аразуй адæми. Вакцинæций мадзал науки хумæтæги не ’ргъуди кодтонцæ дуйней æма нæ бæсти ахургæндтæ. Историйæй уæ зæрдæбæл æрлæууун кæнетæ, цæйбæрцæ адæмти фæййервæзун кодтонцæ мæлæтхæссæг хуæцгæнезтæ, уой. Фал, вакцинитæ ку иссирдтонцæ еци незти нихмæ, уæд адæм фæййервазтæнцæ эпидемитæй. Вакцинаци гъæугæ мадзал æй. Уой хæццæ ’й тухæй некæмæн кæнæн, æнæмæнгæ, медицинон косгутæй уæлдай. Алли дохтир æма медицинон хуæрæ дæр вакцинаци рацудæнцæ, уомæн æма етæ косунцæ, архайунцæ тæссаг незти хæццæ. Берæ адæймæгутæ разиндтæй, æхе фæндонæй коронавируси нихмæ вакцинацимæ ка æрбацудæй. Сæ нимæдзæ аллибон дæр фулдæр кæнуй. Вакцинаци цæунцæ, коронавирусæй ка нæ адтæй сæйгæ, айдагъдæр еци адæм. Ка исдзæбæх æй, уони вакцинæ нæбал гъæуй. Вакцинаций куст æртæ фæлтæремæй цæуй. Уæлдæр куд загътан, уотемæй вакцинаций фиццаг хайии рацудæнцæ медицинон косгутæ.

Æнæ зæгъæн нæййес гриппи туххæй дæр. Еугурæйдæр зонæн, фæззæг, зумæг æма рагуалдзæг гриппæй сæйгити нимæдзæ берæ ке фæуууй, уой. Грипп тæссаг нæй, зæгъгæ, уотæ маке гъуди кæнæд. Æ фæстеугутæ æркæнунцæ уæззау уавæрмæ. Фæууй, ка си рамæлуй, уæхæн цаутæ дæр, гъуллæггагæн. Райдæдта гриппи нихмæ дæр вакцинаци, æма адæм ку лæдæриуонцæ, куд ахсгиаг мадзал æй хе хуæцгæнезæй багъæуай кæнун, уæд нæмæ сæйгитæ минкъийдæр уайдæ.

Коронавирус æма гриппи нихмæ вакцинитæ еци-еу рæстæг кæнæн нæййес. Дууетæ дæр аллихузон незтæ æнцæ, тæссаг æма вакцинитæ кæнун гъæуй, се ’хсæн мæйæй минкъийдæр куд нæ уа, уотæ. Ма игъосетæ аллихузон «фейктæ» ке хонунцæ, уæхæн мæнгæттæ дзубандитæмæ, коронавируси вакцинаци нæ «нимæдзон ахæстдони» бакæндзæнæй, æхсæз мæйей фæсте си адæм цагъди кæндзæнæнцæ æма ма берæ æндæр сæргъæн гъæла гъудити информацитæмæ.

Интернети фæстаг бæнтти ахид ес фæууинæн, коронавирусæй ка дзæбæх кæнуй, уæхæн хуасти рекламæ. Аци нези нихмæ препараттæ æма хуастæ еугурæйдæр æнцæ дохтиртæмæ, сæйгæдæнтти, амбулаторити. Незихатмæ гæсгæ, дохтир исбæрæг кæнуй, кæци хуасæ гъæуй, уой, æма уотемæй лæвæрд цæуй сæйгитæн. Амбулаторон уагæй æхе ка дзæбæх кæнуй, уонæмæ ба алли бон дæр сæ хæдзарæмæ медицинон косæги ласунцæ. Вакцинаци искæнун ке фæндуй, е бацæуæд, кæми цæруй, еци районы поликлиникæмæ æма курдиадæ ниффинсæд. Еу хатт ма зæгъун, ке фæндуй, е, тухæй неке кæнæн. Уоми дохтир, гъæуама исбæрæг кæна адæймаги æнæнездзийнади уавæр, тоги æлхъивдадæ, циуавæр незтæ ’й тухсун кæнунцæ æма уотемæй вакцинаций процедурæмæ рахездзæнæй.

Вакцинæ кæмæн кæндзæнæнцæ, еци адæймаги рази дохтир гъæуама æхгæд къопп исигон кæна æма вакцинæ исеса. Етæ æнцæ, закъон ке домуй, еци мадзæлттæ. Коронавируси нихмæ хуастæ нæ республики ес цалдæр мæйей фагæ.

## СÆЙГÆДÆНТТИ ÆМА ПОЛИКЛИНИКИТИ КУСТИ ТУХХÆЙ

- Пандемийи райдайæнæй аци бони уæнгæ коронавирусæй сæйгити дзæбæх кæнæн Республикон тагъд агъази клиникон сæйгæдони (КБСП). Аци рауæн ес еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр, уæззау уавæри незы фудæй ка бахаудтæй, еци тухст сæйгити дзæбæх кæнунæн. Фал, байархайдтан районы сæйгæдæнтти дæр хуæцгæнези нимæ тох кæнуни кусти райарæзтбæл. Æрхонки, Æрæдони, Дзæуæгигъæуи æма медицинон академий сæрмагонд сæйгæдæнттæ уæлæнхасæн агъазмæ цæттæ æнцæ багъæуаги сахатти коронавирусæй сæйгити дзæбæх кæнунмæ. Уæхæн хайадæ байгон кодтан Сувæллæнтти клиникон сæйгæдони дæр. Уолæфæн аппараттæй нин фæййагъаз кодтонцæ Уæрæсей Федераций промышленности министрадæ, Дзæуæгигъæуи клиникæ «Здоровье»-й разамунд.

## ПАДДЗАХАДОН ПРОГРАММИ НИСАНТИ ТУХХÆЙ

Национ проекти бундорбæл нисангонд æрцудæй сæрмагонд паддзахадон программæ «Зæрди æма тогдандзинтти незти нихмæ тох». Уой фæрци нæ республикæмæ æрвист æрцудæй зæрди æма тогдадзинтти незтæй сæйгитæн фæййагъаз кæнунæн æртæ æма инсæй хузи хуастæ. Уæхæн сæйгитæй дохтиртæмæ хигъди ка лæууй, уонæн сæ районти медицинон кустуæтти дæттунцæ лæвар.

Цæмæй медицинон косæги фæллойнæ никки цитгийнагдæр уа æхсæнади, уой туххæй нæмæ фæззиндтæй, æнæмæнгæ ахсгиаг ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн нæуæгдзийнадæ - аци анзæй фæстæмæ нæмæ арæзт цæудзæнæй «Цæгат Иристони хуæздæр дохтир», зæгъгæ, сæрмагонд конкурс. Архайдзæнæнцæ си участокти терапевттæ æма педиатртæ.

Еци профессионалон ериси дуккаг æма æртиккаг бунæттæ кæмæн исаккаг кæнонцæ, етæ хуарзæнхæгонд цæудзæнæнцæ æхцай премитæй. Алли номинаций дæр си Цæгат Иристони хуæздæр дохтири ном ка райса, еци уæлахездзаутæн ба лæвæрд цæудзæнæй фатертæ æма реубæлдаргæ нисантæ.

***ДАДТЕТИ Тамилæ*.**

## ÆДАСДЗИЙНАДИ ДОМÆНТÆ ÆНÆМÆНГÆ ÆНХÆСТГÆНГÆ ’НЦÆ!..

Коронавируси пандеми нурма æ хъаури ке æй æма исæвзургæ эпидемиологон уавæр зæрдæзæгъгæ ке нæй, уомæ гæсгæ, идарддæр дæр, æнæмæнгæ, æнхæстгæнгæ æнцæ санитарон æдасдзийнадæ æма социалон хегъæуайкæнуни сæрмагонд мадзæлттæ. Уой хæццæ, сæйрагдæр ба, æхсæнадон транспорти цæугæй, еудадзугдæр пайда кæнун гъæуй маскитæй æма æндæр хегъæуайкæнæн мадзæлттæй. Нæ республики мухур æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет адæми зæрдæбæл лæууун кæнуй: æхсæнадон транспорти лæггæдтæй пайда кæнгæй, санитарон-эпидемиологон æдасдзийнади мадзæлттæ æнхæстгонд ку нæ цæуонцæ, уæд административон æфхуæрд æййафунцæ, куд траспорти хецæуттæ, уотæ бæлццæнттæ дæр.

Уотæ, æхсæнадон транспорти хецæутти Уæрæсей Федераций административон æгъдауихæлдтити туххæй кодекси 6.3-аг статьяй 2-аг хайии бундорбæл бафхуæрæн ес 500 мин сомей уæнгæ иварæй, кенæ ин æ куст 90 боней уæнгæ бауорамунæн.

Бæлццæнти ба еци кодекси 20.6.1-аг статьяй 1-аг хайии бундорбæл бафхуæрæн ес 1 мин сомемæй 30 мин сомей уæнгæ иварæй.

**Æзинæ, 12 октябри нæ республики æскъуæлхт хузæгæнæг Есенати Эльбруси фурт Æхсарæбæл æнхæст кæнуй 50 анзи. Зæрдиагæй дин, Æхсарæ, арфæ кæнæн. Æнæнез æма æнтæстгин уо, дæ дессаги аййевадæй идарддæр дæр нæ дзиллити зæрдитæ рæвдауæ!**

***Хетæгкати Къостай райгурди (1859-1906) бони кадæн 12 – 17 октябри нæ республики еумæйаг ахуради еугур ахургæнæндæнтти дæр арæзт цæудзæнæй поэтикон мадзал. «Цæйут, æфсымæртау,// Радтæм нæ къухтæ //Абон кæрæдзимæ,// Иры лæппутæ!..».***



# ИЗÆДТÆЙ КАДГИНДÆР КА ÆЙ?..

Еууæхæни изæдтæ балций рараст æнцæ: Хуцауи-изæд, Уасгерги, Тбау-Уацелла, Алаурди æма Хор-Уацелла. Адтæй фæззæг. Еу рауæн сæбæл æризæр æй. Бæхæй, изæдæй бафæлладæнцæ, æхсæвæрбæл адтæй сæ сагъæс. Уæд кæсунцæ, æма еу фæзи фиййау хезуй фонси устур дзогæ. Изæдтæ исфæндæ кодтонцæ æхсæвæрæн уомæй еу уæрикк ракорун. Бæхтæй æрхизтæнцæ, арт искодтонцæ, уæдта фиййаумæ корæг рарвистонцæ Хуцауи-изæди. Е бацудæй фиййаумæ æма имæ дзоруй:

- Дæ фонс – берæ, хуарз фиййау!..

- Арфæгонд уо, - дзуапп ин равардта фиййау.

- Бæлццон адæм ан, идард надбæл цæуæн, фæндаггагæн нæмæ нæ хæццæ неци ес, æма ди еу уæрикк корæг дæн.

- Уæрикк раттун дессаг нæй, - загъта фиййау. - Фал гъуддаг уотæ 'й: мæ фидæ, ме 'нсувæртæ алли бæлццонæн дæр фур лæвардтонцæ, фал син арфæ ба некæд неке ракодта. Æз дин уæрикк ратдзæнæн, фал мин ду гъæуама зæгъай, ка дæ, уой.

- Æз дæн Хуцауи-изæд, - загъта æма расоми кодта, цæмæй ибæл фиййау бауæндтайдæ.

- Хуарз, æруагæс ми кæнуй дæ дзубанди, - загъта ин фиййау. - Мæгур лæгæн хуарз ракæнун уодибæстæ 'й, фал Хуцауи-изæдæн ба æз неци ратдзæнæн.

- Е ба куд? – бадес кодта Хуцауи-изæд.

- Цæмæн ку зæгъай, уæд ду раст нæ тæрхон кæнис: гъæздугутæн фарсласæн кæнис, æма уонæн сæ мулкбæл мулк æфтуйуй, мæгуртæбæл ба мæгури аргъ æвæрис. Нæ, ду адæмæн æмхузон нæ дæ. Уомæ гæсгæ мæнмæ дæуæн косæрттаг нæййес, рæствæндаг уо.

Ранæхстæр æй фæстæмæ Хуцауи-изæд уонтæхъел æма сæргубурæй. Изæдтæ ба æнгъæлмæ кæсунцæ нард косæрттагмæ. Артбæл агæ исæвардтонцæ, сæ кæрдтæ циргъ кæнунцæ. Хуцауи-изæди ревæдæй ку рауидтонцæ, уæд æй фæрсунцæ:

- Æма дæ фур ба кæми 'й?

- Фур дзоги хезуй, - зæгъуй син Хуцауи-изæд.

- Æма 'й цæмæннæ рахастай?

- Фиййау æй нæ равардта.

- Гъе ба дин дессаг, гъе! – исдзурдтонцæ изæдтæ. – Гæрр, еу уæрикк нин æ цæстæ куд нæ бауарзта?!. Е, ка нæма æрцудæй, уæхæн гъуддаг æй!..

- Цотæ, уæхуæдтæ бавзаретæ, - загъта Хуцауи-изæд æма æхе арти фарсмæ æруагъта.

Уæд æхе рацæттæ кодта Алаурди.

- Мадта мæмæ фæккæсайтæ, - загъта е, - æз уайтæккæдæр еу нæ, фал дууæ фуси ами æрбалæуун кæндзæнæн.

Балæудтæй фиййауи уæлгъос, арфæ ин ракодта æма си коруй еу далис.

- Ка дæ, дæхе мин байамонæ, - зæгъуй ин фиййау.

Алаурди ин æхе байамудта.

- Мадта кæд ду Алаурди дæ, уæд мæнæй хуарз нæ фæууиндзæнæ æма дæ нади кой кæнæ, - дзуапп ин равардта фиййау.

- Цæмæн уотæ зæгъис? – фæрсуй æй Алаурди.

- Мæгур лæгбæл незтæ бафтауис, æ еунæг бæдоли ин мæрдтæмæ барветис, бонгин ба æнæмаст æй, æ берæ цæуæт – æнæнез æма сæрæгас... Дæ над дарæ, неци дин ратдзæнæн...

Æрбаздахтæй Алаурди е 'мбæлццон изæдтæмæ æма сæмæ дзоруй:

- Фиййауи не 'ссирдтон, кумæдæр рафардæг æй. Æз бафæлладтæн, сумахæй æй еске байагорæд.

Хуцауи-изæд балæдæрдтæй гъуддаг, бахудтæй, фал зæгъгæ ба неци кодта.

Уæд рараст æй Тбау-Уацелла, фал е дæр ревæдæй æрбаздахтæй. Фиййау ин загъта:

- Ду раст нæ дæ. Мæгурти хумтæбæл ех рауадзис, æма адæм судæй мæлунмæ æрцæунцæ. Бонгинти зæнхæмæ ба ех æмгæрон дæр нæ уадзис...

Гъе уæхæн дзуаппи хæццæ раздахтæй Тбау-Уацелла, мадта ци кодтайдæ. Арти фарсмæ æрхустæй, дзурд си нæ хауй. Ци балæдæрун ма гъудæй е 'мбæлтти: кæд ревæдæй æрбацудæй, уæд ибæл фиййау хъæбæр нæ бацийнæ кодта.

Аци хатт цæун багъудæй Хор-Уацеллай. Балæудтæй фиййауи рази, арфæ ин ракодта, уæдта исхуæстæй дзубандитæбæл – æ фонс ин æстауй.

- Ка дæ, уой мин зæгъæ, - райста ин фиййау æ дзурд. - Ци дæ гъæуй, уой ба мæхуæдæг дæр зонун.

Хор-Уацелла ин æхе байамудта.

- Дæхе райсæ мадта ардигæй, кенæдта дæ гъуддаг хуарз нæ уодзæнæй, - загъта ин фиййау.

- Цæмæн уотæ зæгъис? – фæрсуй æй Хор-Уацелла. – Лæгъузæй дин ци бакодтон?

- Мадта мæмæ байгъосæ. Дæумæ нæййес рæстдзийнадæ. Мæгур лæг анзæй-анзмæ фæккосуй æ хуми гæппæли, уодхарæй маруй æхе дæр, æ косæг фонси дæр. Æнгъæлмæ кæсуй æ тиллæги æрзадмæ. Фæззæг ралæууй. Кæсуй, æма æ хумти хуар - нæ, фал хъамил кæрдæг. Бонгин æнæуой дæр æ хъурæй кæлуй, æ хумтæмæ нæ зелуй, уæддæр æ хуарæн кæрон дæр нæ фæууй. Зæгъай мадта, е дæмæ куд раст кæсуй?

Ци загътайдæ Хор-Уацелла? Æ сæр фæббунмæ кодта. Е 'мбæлтти размæ исхъæрттæй, арти фарсмæ æрлæудтæй æма дзоруй:

- Е фиййау нæй, фал цидæр абæрæг! Тухтæ-амæлттæй си фæййервазтæн. Куд кæсун, уотемæй нин стонгæй хусгæ райаудзæнæй, кæд ма Уасгергий къохи ести бафтуйидæ.

Уæд иннæ изæдтæ дзорунцæ Уасгергимæ:

- Цо, балигъстæ кæнæ еци цæлæмбуд фиййауæн, кæдимайди ба нин уæддæр еу фудхуз далис раттидæ.

Уасгерги бацудæй фиййаумæ, арфæ ин ракодта æма ин загъта:

- Хатир бакæнæ, хуарз лæг, уинис, ци хузи дæмæ æрбацудтæн, уой – мæ дарæс цъифæйдзаг æма æскъудтæ. Надбæл еу лæгæн æ уæрдуни цалх расастæй. Æз имæ фæккастæн цалх аразунмæ, æма уой фудæй ауæхæн уавæри дæн.

- Æз дæ базудтон,- загъта фиййау,- ду дæ Сугъдæг Уасгерги, мæгурти гъæуайгæнæг, табу дæхецæн.

- Æцæгæйдæр, æз дæн Уасгерги. Ме 'мбæлтти хæццæ надбæл цæуæг ан. Дæ хуарзæнхæй, æстонгæй нæ ма ниууадзæ, еу уæрикк нин ма бавгъау кæнæ.

- Еу уæрикк ци 'й!.. Аци фонс еугурæйдæр дæу фæуууантæ! - загъта фиййау. – Мæгур адæм дæу фæрци цæрунцæ, Хуцауи рази ду дæ нæ хуæрзгæнæг. Мæгур æма æфхуæрд адæм дæумæ ковунцæ, ду син дæ рæстауодæг.

Фиййау табутæ кæнуй Уасгергийæн, зæрдиагæй ин æ гъуддаг исаразта, рафæндараст æй кодта. Гъе уотемæй Уасгерги æд косæрттаг æрбахъæрдтæй иннæ бæлццæнттæмæ.

- Дессаг æй аци гъуддаг! – загътонцæ изæдтæ. – Фиййау айдагъдæр дæуæн искодта аргъ, мах ба, цума æ фудæзнæгтæ ан, уой хузæн нæ ратардта. Бæрæг æй нур: адæм изæдтæй фулдæр аргъ кæмæн кæнунцæ, е ду дæ, Сугъдæг Уасгерги.

***Аци таурæхъ уруссаг æвзагбæл финстæй мухургонд æрцудæй газет "Кавказ"-и 1901 анзи, №11. Ниффинста æй Евг. Б-нов (Баринов). Радзурдта æй Ольгинскæйи гъæуи цæрæг Мамсурати Аслæнбег.***

* * *

**РЕДАКЦИЙÆЙ. Аци таурæхъ уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма еци фиййау уоййасæбæл тингунæй ци изæдтæмæ ракастæй, етæ цæййасæбæл ездон разиндтæнцæ. Сæ бон уотемæй райсун ци адтæй, уой си коргæ кодтонцæ. Уой дин, нури рæстæгути нин сæхе изæдтæ æма идаугутæй ка æвдесуй, еци бонгинтæ – «бизнесментæ», хецауадзийнади «фæрнгун» бунæтти бадгутæ... Æдзæсгонæй хæлæф кæнунцæ еугурадæмон есбонадæбæл... Ке фæллойни фæрци арæзт æрцудæй еци есбонадæ, уонæн ба – бустæги неци.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.**
**(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

**Дигорæ**
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и.**
**357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2148**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.10.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**